

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Sajak mangrupa salahsahiji karya sastra anu miboga kaéndahan éstétis, kaéndahan éta kawangun tina kecap-kecap nu digabungkeun jeung idé-idé anu *kréatif*. Unggal jalma miboga idé anu rupa-rupa tur suasana haté anu béda-béda ogé, ku kituna sajak bisa mangrupa gambaran panyajakna, boh keur gumbira, deudeuh, ambek, reueus, jsb.

Dina prosés *belajar-mengajar* sajak dianggap pelajaran anu hésé ku siswa, tapi saéstuna nyieun sajak téh bisa jadi hal anu ngagumbirakeun. Siswa bisa pinter nyieun sajak lantaran sering diajar sarta getol dina ngébréhkeun idé-idé atawa suasana anu aya dina dirina kana hiji wangun tulisan. Ku kituna, guru miboga pancén pikeun ngarobah hiji métode anu cocog keur bahan pangajaran. Guru salaku motivator jeung inspirator dina prosés *belajar-mengajar* kudu bisa narékahan ieu masalah. Salah sahijina nya éta digunakeunana modél *Mind Mapping*.

Mind Mapping nya éta hiji téhnik nempatkeun informasi ka jero uteuk anu tuluy diébréhkeun tina éta uteuk ngaliwatan tulisan. *Mind Mapping* ogé kungsi digunakeun ku sawata tokoh sajarah saperti Leonardo Davinci, Galiléo Galilei, Richan Feynman jeung Albert Einstein (Buzan 2006: 9-11).

Pikeun ningali gambaran babandingan atawa hubungan antara pre-tés, *treatment*, jeung post-tést anu digunakeun dina ieu panalungtikan, métode penelitian

anu dipaké nya éta kuasi ékspérimén. Tina hasil olahan data anu nyoko kana éta métode, bisa dicindekkeun yén sabada dibéré perlakuan anu ngagunakeun modél *Mind Mapping*, hasilna 34 siswa dianggap geus mampu nulis sajak. Rata-rata skor siswa dina post-tést nya éta 14,17, skor ieu leuwih gedé batan pre-tés anu rata-rata skorna 10.5.

Tina hasil akumulasi Σd (table uji *Gain* 4.3), jumlah skor anu naék, turun jeung stabil tétéla jumlah bédana nya éta 169 atawa 93%. Jadi, sacara umum kamampuh siswa geus ningkat.

Dina uji hipotésis ditétélakeun $t_{itung} > t_{tabel} (7,80) > (2,41)$, hartina aya béda anu signifikan antara hasil pre-tést jeung post-tést. Tina pedaran di luhur, bisa dicindekkeun yén modél *Mind Mapping* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak siswa kelas VII D SMP PASUNDAN 4 Bandung.

5.2 Rékomendasi

Dumasar kana analisis jeung pedaran hasil data, aya sababaraha rékomendasi anu perlu ditepikeun:

- 1) Pikeun guru basa Sunda anu rék nepikeun pangajaran nulis sajak ka siswa kelas VII, dipiharep bisa ngagunakeun modél pangajaran *Mind Mapping* sangkan hasil diajar nulis sajak siswa bisa leuwih maksimal.
- 2) Pikeun siswa anu diajar nulis sajak, dipiharep bisa ngamaksimalkeun kamampuh nulisna anu kréatif sangkan bisa ngébréhkeun idé-idéna ngaliwatan nulis sajak.

- 3) Pikeun para panalungtik saterusna, boh dihiji lembaga boh sacara individu dipiharep teu sugema kana ieu panalungtikan. Ku kituna, perlu diayakeun deui panalungtikan anu leuwih hadé sangkan kamampuh siswa dina nulis sajak basa Sunda bisa leuwih alus.

